ISSN: 2181-3906 2026

International scientific journal «MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 5 / ISSUE 8 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# K. M. VEBER ÚLKEN KONCERT DUETINIŃ TALIQLANIWI

**Aliaskarov Temur Dauranbekovich**
Ózbekstan mámleketlik Konservatoriyası Nókis filialı "Saz atqarıwshılıǵı" kafedrası
"Demli hám urma sazlar" qánigeligi 3-kurs studenti.
*temuraliaskarov@gmail.com*

*https://doi.org/10.5281/zenodo.21908361*

***Annotaciya****. Bul maqalada Karl Mariya fon Veberdiń klarnet hám fortepiano ushın úlken koncert duetiniń jaratılıw tarıyxı, talıqlanıwı, atqarıwshılarınıń tiykarǵı wazıypaları qáliplestirilip hám shıǵarmanıń usılı hám janrlıq ózgeshelikleri haqqında sóz etiledi.*

***Gilt sózler:*** *Úlken koncert dueti, Karl Mariya fon Veber, kompozitor, klarnet, fortepiano, orkestr, usıl, janr, talıqlaw.*

***Аннотация****. В данной статье рассматривается история создания большого концертного дуэта для кларнета и фортепиано Карла Марии фон Вебера, его интерпретация, основные задачи исполнителей, а также стиль и жанровые особенности произведения.*

***Ключевые слова:*** *Большой концертный дуэт, Карл Мария фон Вебер, композитор, кларнет, фортепиано, оркестр, стиль, жанр, интерпретация.*

***Annotation****. This article discusses the history of the creation of Karl Maria von Weber's grand concert duet for clarinet and piano, its interpretation, the main tasks of the performers, and the style and genre characteristics of the work.*

***Keywords****: Grand Concert Duet, Karl Maria von Weber, composer, clarinet, piano, orchestra, style, genre, interpretation.*

XVIII ásirde klarnet tek orkestr quramında bekkem ornın iyelep qoymastan, solo ásbap sıpatında da úlken dárejede belgili bolǵan – sol ásirdiń ekinshi yarımında klarnet hám orkestr ushın júzden artıq koncertler, atap aytqanda, Volfgang Amadey Mocarttıń hám t.b kompozitorlardıń konsertleri sıyaqlı belgili dóretpeler jaratılǵan. Keyingi júz jıllıqta kompozitorlardıń súyikli ásbabı fortepiano bolıp, klarnetke bolǵan qızıǵıwshılıq kemeydi, bıraq XIX ásirde de solist klarnet ushın qızıqlı shıǵarmalar dóretildi hám olar arasında Karl Mariya fon Veber tárepinen dúzilgen klarnet hám orkestr ushın eki koncert múnásip orın iyeleydi.

Klarnet koncertlerin jazıw waqtında 1811-jılı Veber ádewir turmıslıq hám dóretiwshilik tájiriybege iye edi. Opera dóretiwshiliginiń eń joqarı sheńberi bolǵan "Erkin mergen" ele jazılmaǵan edi, biraq K.M. Veber tórt operanıń dóretiwshisi edi. Opera hám simfoniyalıq partituralardıń kópshiliginde kompozitor klarnettiń solosınan iqtiyarlı túrde paydalanǵan hám sonıń ushın solo ushın jazǵan shıǵarmalarınan paydalanıwı tań qalarlıq emes. Olardıń jaratılıwına Genrix Byorman menen tanısıw tuwrıdan-tuwrı sebep boldı.

Genrix Byorman óz dáwiriniń eń jaqsı klarnetshilerinen biri edi. Ol tıńlawshılardı texnikalıq sheberligi menen emes (máselen, onıń tiykarǵı qarsılası Iogann Simon Germshtedt sıyaqlı), bálki hawazınıń gózzallıǵı hám tásirliligi, názik lirikalıq tembri menen de ózine tartqan - usı sıpatları ushın G. Byormandı hátteki "Rubini klarnet" dep te ataǵan (tanıqlı opera qosıqshısı-

tenor Djovanni Battista Rubini sıyaqlı). Sonday-aq, muzıka ustası texnika jağınan da joqarı dárejede edi (oǵan belgili dárejede "Grizling hám Shlott" firmasınıń on klapanlı ásbabınan paydalanıw járdem berdi - bunday klarnettegi sheber passajlar hám xromatizmler sol dáwirde kóbirek tarqalǵan bes klapanlı ásbapqa qaraǵanda ańsat shertiletuǵın edi). G. Byormannıń ózi klarnet yamasa ansambl ushın shıǵarmalar dóretken, biraq onıń repertuarı basqa kompozitorlardıń ózi ushın arnawlı dóretilgen shıǵarmaları menen de tolıqtırılǵan. G. Byorman ushın shıǵarmalardı Feliks Mendelson Bartoldi, Jakomo Meyerberler de dóretken.

K.M. Veberdiń G. Byorman menen birge islesiwiniń birinshi tájiriybesi Myunxendegi Veberdiń avtorlıq koncertinde Veber Myunxenge "Abu Gasan" operasınıń qoyılıwı múnásibeti menen kelgen edi. Bul shıǵarmanıń tabısı muzıkanttı kompozitorǵa klarnet penen orkestr ushın eki koncertke buyırtpa beriwge iytermeledi - hám olar sol waqıtta, 1811-jılı jazılǵan edi. Belgili klarnetshi menen baylanıs Veberge klarnettiń texnikalıq imkaniyatların túsiniwge hám olardan tolıq paydalanıwǵa járdem berdi - atap aytqanda, kompozitor barlıq registrlerdi, sonıń ishinde, tómen registrdi de iske qostı burın kompozitorlar tómen registrge júdá siyrek múrájat etetuǵın edi.

Sonıń menen birge kompozitor klarnet ushın júdá joqarı notalardı paydalandı diapazonnıń bul bólimi №1 Koncerttiń birinshi bólimi aqırında qollanılǵan.

Kompozitor staccato hám legatonı birlestirgen halda hár túrli shtrixlardı qollanǵan, biraq birinshi náwbette klarnet ol ushın lirik ásbap bolıp qaladı, bul bolsa G. Byormannıń oyın usılına júdá sáykes keledi. Koncertlerde virtuoz úzindiler bar, biraq olardı ekstremal dep ataw múmkin emes - klarnetshiler ushın passajlar júdá qolaylı. Itibarlı tárepi, bul instrumental shıǵarmalarda Veber operaǵa tán usıllardan paydalanǵan halda opera kompozitori bolıp qaladı - solist teatr háreketiniń oraylıq qaharmanı sıpatında orkestr menen qatnasıqta ústemlik etedi.

Úlken konsert duet mi-bemol major, or. 47 (Grand Duo Concertant) Karl Mariya fon Veberdıń klarnet ushın romantikalıq repertuardaǵı eń jarqın shıǵarmalarınıń biri. 1815-1816-jılları jazılǵan bul duet, kamer atamasına qaramastan, óziniń forması hám ishki kólemi boyınsha bul orkestrsiz jasırın qos koncert bolıp, bunda fortepiano partiyası texnikalıq quramalılıǵı hám kórkem áhmiyeti boyınsha klarnet partiyasına tolıq teń bolıp esaplanadı.

Bólimlerdiń muzıkalıq-teoriyalıq talıqlanıwına itibar qaratatuǵın bolsaq, koncert úsh bólimnen ibarat olar tómendegishe:

I bólim - Allegro con fuoco. Sonata formasında jazılıp, saz ásbaplarınıń koncert jarısı sezilip turadı. Bas partiya (BP): fortepianonıń kúshli, fanfarlı akkordlıq bayanlawı menen ashıladı hám sol waqıttıń ózinde-aq klarnettiń tez arpedjiyalanıwshı passajları menen aldın aladı



ISSN:
2181-3906
2026

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 5 / ISSUE 8 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

Qosımsha partiya (QP): Dominanta tonlıǵında (B-dur) tonlıǵında kórsetiledi. Názik, qosıqshıl, sulıw xarakterli bolıp dóretilgen. Diyalog klarnet hám fortepiano arasındaǵı sóz dizbekleriniń óz-ara almasıwı tiykarında dúzilgen.

Rawajlanıw bóliminde polifoniyalıq imitaciyalar, tonlıq jıljıwlar hám bas partiyanıń motivleriniń tez rawajlanıwı menen tolıqtırıladı. Veber klarnette dinamikalıq kontrast hám keń intervallıq sekiriwlerden aktiv paydalanadı.

Repriza hám koda tiykarǵı tonlıqtaǵı tiykarǵı temalar menen teńsalmaqlıqtı tikleydi, virtuozlıq koda bolsa maksimal emociyonal kóteriliwde tez juwmaq shıǵaradı.

II bólim - Andante con moto. Parallel do-minor tonlıǵında, úsh bólimli formada jazılǵan pútkil shıǵarmanıń oraylıq dramalıq yadrosı bolıp esaplanadı.

Shetki bólimler (A hám A1) klarnet teması belcanto usılındaǵı opera ariyasına uqsaydı. 3/4




ólshemindegi názik terbeliw elegiyalıq barkarola sezimin payda etedi.

Orta bólim (B), keskin dramalıq burılıs jasaydı. Fortepiano partiyasında qorqınıshlı sessiz tremolo hám bas háreketleri payda boladı, olardıń fonında klarnet keskin, patetik ekspressiv sóz dizbeklerin ótkeredi. Ekinshi bóliminiń ózgesheligi sonda, Veber klarnettiń tómengi registrinen sheberlik penen paydalanıp (chalumeau - shalyumo), muzıkaǵa gúńgirt, erkin romantikalıq reń beredi.

III bólim - Rondo. Allegro giocoso. Cikldıń aqırı mi-bemol majordaǵı jaqtılıq, kewilli ortalıqtı qaytaradı. Refren 6/8 ólshemdegi jeńil, skerso teması, ózine tán ótkir stakkato hám názik melizmlerler arqalı kórsetip beriledi. Epizodlar bolsa nama menen aytılatuǵın lirikalıq sheginislerden tez gamma tárizli passajlar kaskadlarına shekem ózgeredi.



Atqarıwshılarǵa barmaqlardıń jińishke texnikası hám shaqırıwlar waqtında ideal sinxronlıq talap etiledi.

Duettiń fortepiano partiyası faktura hám stilistika boyınsha Veberdiń jetilisken dáwirindegi fortepiano shıǵarmaları oblastına tutasadı, bunı Veber jazıwınıń birdey ózine tán usıllarınan paydalanıw isenimli dálilleydi. Olar endi tolıq ráńbáreń romantikalıq pianinizm dáwirine tiyisli. Bular kompozitor tárepinen jaqsı kórilgen úlken diapazonlı virtuozlı passajlar bolıp, óz aldıńǵılarına qaraǵanda ele de jetilisken hám xromatlastırılǵan; qos terciyalar menen effektli passajlar kompozitordıń pútkil fortepiano dóretiwshiligi ushın tipik fakturalıq sheshim bolıp esaplanadı (sol waqıtta, máselen, Betxoven qos terciyalardı tek ayrıqsha jaǵdaylarda paydalanǵan).

Shıǵarmanıń fortepiano partiyasındaǵı fakturası, ásirese, kulminaciyalarında úlken tıǵızlıǵı menen ajıralıp turadı hám geyde orkestrlik jańlawǵa erisedi. Fortepiano fakturasın "orkestrovkalawdıń" usınday usıllarına Veber shıǵarmaları betlerinde kóbinese ushırasatuǵın tremolo da kiredi. Veber joldas dawıslarǵa múrájáát eter eken, kóbinese klassitsizm dáwirine tán bolǵan figuralarınan modifikaciyalanǵan variantındaǵı faktura formulasınan paydalanadı. Ol bas tiykarın hám garmoniyalıq figuratsiyalardı hár qıylı oktavalarǵa súwretlep, fakturanıń parametrlerin islewge hám sestiń romantikalıq reńli registr kólemin jaratıwǵa májbúrleydi.

Detsima diapazonındaǵı kóp sanlı, Veberge tán 4 dawıslı akkordlar da sol maqsetke xızmet etedi, olardıń payda bolıwı kompozitordıń zamanlası  V. Verflddıń aytıwına qaraǵanda, Veberdiń qolları júdá úlken bolǵan hám ol detsima hám keńirek kólemdegi akkordlardı áste-aqırın ala alǵanlıǵı menen de túsindiriliwi múmkin.

Duettiń klarnet partiyası da kompozitor tárepinen koncert usılında jazılǵan. Veber jazıwınıń kóplegen xarakterli ózgeshelikleri úlken diapazondaǵı tartıwlı legat passajlar, ásbaptıń shetki registrlerin salıstırıw, sekiriwler, tez pátte stakkato shtrixin paydalanıw, Vena klassitsizminiń aldıńgı dáwiriniń klarnet texnikası menen salıstırǵanda jańalıq bolıp tabıladı (mısalı, V.A. Mocart hám t.b shıǵarmaları). Tez gamma tárizli passajlar Veber klarnet shıǵarmalarınıń dáslepki bólimleri hám ásirese finallarına tán bolıp, bunda ásbap óziniń virtuoz imkaniyatlarınıń barlıq ayqınlıǵı menen kórinedi. Klarnet atqarıwshılıǵınıń texnikalıq qıyın momentlerinen biri bolǵan shabıslar kóbinese Veber shıǵarmalarınıń tez hám áste bólimlerinde ushırasadı. Aqırında, bir qatar gúńkildek passajlar saz sesine jeńillik hám anıqlıq baǵıshlaydı, kompozitor bunnan gózzal, názik obrazlar jaratıwda sheber paydalanǵan. Kodada bolsa haqıyqıy virtuozlıq juwmaq, hár eki ásbap júdá tez tempte jarıstırıp, shıǵarma joqarı akkordlı hám passajlı kadanslar menen juwmaqlanadi.

**Úlken duet koncertiniń talıqlanıwı**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1.Sonata forması | Es-dur | 4/4 | Allegro con fuoco |
| 2. Ápiwayı 3 bólimli forma | c-moll | 3/4 | Andante con moto |
| 3. Rondo forması | Es-dur | 6/8 | Allegro |

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Аванесян М. Г. Кларнет в камерной музыке XIX века (Л. ван Бетховен, К. М. Вебер, Й. Брамс). Выпускной реферат ассистента-стажера / Московская гос. консерватория им. П. И. Чайковского; Кафедра камерного ансамбля и квартета; Кафед раистории и теории исполнительского искусства. М., 2017. 78 с.
2. Бялик М. Г. Оперное творчество Вебера в России // Ф. Мендельсон-Бартольди и традиции музыкального профессионализма: Сборник научных трудов / Сост. Г. И. Ганзбург. — Харьков, 1995. — С. 90 — 103.
3. Вебер, Карл Мария Фридрих Август // Энциклопедический словарь Брокгауза и Ефрона: в 86 т. (82 т. и 4 доп.). — СПб., 1890—1907.
4. К. М. Вебер и его творчество // Музыка Австрии и Германии / Под общ. ред. Т. Э. Цытович: В 3 кн. Кн. 1. М. : Музыка, 1975. С. 408–497. (Серия «История зарубежной музыки»).
5. Левин С. Я. Духовые инструменты в истории музыкальной культуры. Музыка, 1983. 192 с.